



Pou Piblikasyon Imedya: 11/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PASE ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYISANS NAN LAPOLIS ETA A POU ANKETE SOU KWA GAME YO NAN LEKÒL SEGONDÈ NAN KONTE WESTCHESTER**

"Mwen santi m degoute ak dekouvèt kwa game yo desine sou mi yon twalèt nan Lekòl Segondè Pleasantville (Pleasantville High School) nan Konte Westchester Jedi a. Zak vilen anti-Semit sa a espesyalman twoublan dèske yo te ekri li nan yon bilding kote lidè alavni New York yo ale pou aprann epi kote yo atann yo dwe an sekirite.

Mwen ap bay enstriksyon ak Fòs Entèvansyon kont Krim Rayisans nan Lapolis Eta a (State Police Hate Crimes Task Force) pou ofri asistans bay otorite lokal yo nan ankèt sou zak rayisans sa a. Mwen aplodi efò distri lekòl Pleasantville dèske li te pran mezi pou li edike elèv ak pèsonèl yo konsènan prejije ak rasis atravè pwogram yo avèk Lig Anti-Difamasyon (Anti-Defamation League) ak Sant Olokòs ak Edikasyon Dwa Moun (Holocaust and Human Rights Education Center) pou ede anpeche ensidan sa yo pou yo pa rive ankò.

Nouyòkè yo pral toujou kanpe bò kote kominote Jwif lan nan denonse anti-Semitis nan tout fòm li yo".

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)